*Цæйут, æфсымæртау, раттæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры læппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№95 (26547)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2026 азы 2 июнь – хурхæтæны мæйы 2 бон, дыццæг

Аргъ 10 сомы

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 АППАРАТОН ÆМБЫРД
*Царды ахсджиагдæр фарстатæ*

3 МÆ ХЪУЫДЫТÆ
*Тотрадзы хуыздæр чиныг*

4 СПОРТИВОН ФИДИУÆГ
*Ерыстæ*

www.rastdzinad.ru
vk.com/club217633221
t.me/gazetarastdzinad1923



# Дзанайты Ольгæ

## Ирыстоны æргомзæрдæ хъæбул

Фыдæлты зарджытæ ирон царды уидæгтæ сты. Не 'гъдау, миддуне, нæ уаг, нæ фарн, нæ ном æмæ нæ цæсгом.... Цæмæй нæ ирондзинад нæ абоны адæмы 'хсæн фидар уа, фæлтæрæй-фæлтæрмæ цæуа, чи сты нæ фыдæлтæ, уый нæ бæстæ æмæ ма суанг дунейы цæрæг адæмтæ зоной æмæ йæ æнкъарой, ууыл йе 'взонгæй йæ царды фæстаг бонтæм зæрдиаг æмæ бæстонæй архайдта дæсны хормейстер, педагог, РЦИ-Аланийы адæмон артисткæ Дзанайты Ольгæ. Хъыгагæн, абон æй йæ уарзон райгуырæн Ирыстоны дзыллæ, зæрдæйы уæззау хъыг æмæ масты æнкъарæнтимæ, æрвитынц йæ фæстаг фæндагыл – йе 'нусон бæстæмæ.

Цы загъдæуа, хъысмæттæ уарæг, Стыр Хуыцау ын æвдай æхсæз азæй фылдæр цæрæнбон нæ саккаг кодта. Фæлæ йæ царды алы къахдзæф дæр уыд æххæст ирондзинады арфæйагдæр миниуджытæй. Уæздандзинад, рæсугъд миддуне, адæмуарзондзинад, ирон адæмон зарæгæн лæггад кæнын....

Ивгъуыд æнусы æвдайæм азты астæу райдыдта Дзанайты Ольгæйæн йе сфæлдыстадон фæндаг зарæджы аивад æмæ кæстæрты хъомылады дунейы. Цы сфæлдыстадон артдзæстыты сæргъы лæууыд, уыдон сты республикæйы зарæггæнджыты скъола (хоровая школа), Аивæдты республикон лицейы зарæггæнджыты къорд «Арион», фольклорон ансамбль «Чепена», Хæххон паддзахадон аграрон университеты зарæггæнджыты къорд «Æфсати», Бетъырбухы Мариинаг театры филиал Цæгат Ирыстоны концертон залы зарæггæнджыты къорд... Ацы æмæ ма æндæр вокалон къордты Ольгæйы уарзт æмæ зæрдиаг ахаст фыдæлтыккон зарæгмæ арвæй бæрæгдæр, хурæй æргомдæр уыд. Зыдта ирон адæймаджы миддуне, Ирыстоны ивгъуыд йæ фондз æнгуылдзы хуызæн. Йæ зæрдæйы алы тагæй, йæ зонды алы чырæгæй дæр æнкъардта, фыдæлтæ нæ дзуæрттыл, бардуæгтыл, историон цаутыл, паддзахы заман æмæ советон дуджы, ныры рæстæджы фæллой æмæ лæгдзинады зарджытæ кæуыл æмæ цæмæн арæзтой, цы мидис æмæ сын нысан уыд æмæ ис, уый. Уыцы æнкъарынад æмæ æмбарынад хæстæг уыд, сфæлдыстадон зæрдиаг куыст цы бирæ профессионалон æмæ хæдахуыр зарæггæнджытимæ кодта, уыдонæй сæ алкæмæн дæр хистæрæй-кæстæрмæ. Афтæмæй, фæндзай азæй фылдæр Ольгæ уыд национ вокалон аивады æвæллайгæ зиууон. Ирон зарæг йæхи æмæ, уыйау ирон фыдæлтыккон зарæг йæ зæрдæйæн зынаргъ кæмæн у, уыцы уæздан хистæртæ æмæ цæхæрцæст кæстæртимæ æрзылд фæсарæнты æмæ нæ Уæрæсейы бирæ горæтты. Мингай аивадуарзджытæ-иу, йæ цæттæгонд адæмон æмæ нæ композиторты фыст зарджытæм хъусгæйæ, куы æхсызгонæй сæ мидбылты худтысты, куы таиу æнкъард кодтой, нæ фыдæлты уæззау, фæлæ намысджын цардыуаг-иу сæ цæстытыл раст кинойы хуызæн сæ цæстытыл ирдæй ауад.

Курдиатджын хормейстер Дзанайты Ольгæ, йæ адæмы раз ыл цы хæс æвæрд ис, уый бæлвырд æнкъардта. Йемæ кусын, концертты, сфæлдыстадон изæрты архайын, даргъ æмæ цыбыр балцвæндагыл цæуын дæр уыд стыр цин, амонд æмæ зонды хос, æнæферохгæнгæ бæрæгбон. Хистæртæн – æгъдаудæттæг, кæстæртæн – зондамонæг. Аив – йæ бакаст æмæ миддунейæ. Зондджын æмæ фендджын. Уый хуызæн адæймæгтæй фæзæгъынц, Хуыцауысконд, дунесфæлдисæгæй арфæгонд, зæгъгæ. Ирыстон æмæ нæ бæстæ уарзта сыгъдæг æмæ æргомзæрдæ хъæбулы уарзтæй. Аивады къабазы йын кодта æрдхæрæны удуæлдай лæггад... Цы фарны бæркад байтыдта йе 'мцæдисон дæсны зарæггæнджытимæ мингай аивадуарзджыты удты æмæ зæрдæты, уый рухс æнусон у. Рохуат æм нæ уæнды...

Газет «Рæстдзинад»-ы
редакцийы коллектив

| Боныхъæд | Gismeteo-йы бæрæггæнæнтæм гæсгæ, **2 июны** уардзæн. Уæлдæфы температурæ – **9-18 градусы хъарм.** | Боны дæргъ — 15,10 | Хурыскаст — 04,24<br>Хурныгуылд — 19,34 | Валютæйы аргъ | Доллар — 71,37<br>Евро — 83,69 | 12 + |
|---|---|---|---|---|---|---|

РÆСТДЗИНАД № 95 (26547) 2026 АЗЫ 2 ИЮНЬ – ХУРХÆТÆНЫ МÆЙЫ 2 БОН

Аппаратон æмбырд

# Республикæйы ахсджиагдæр фарстатæ

**РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барисы разамындæй уыд æрвылкъуырион аппаратон æмбырд. Архайдтой дзы республикæйы министрадтæ, ведомствæтæ, барадхъахъхъæнæн оргæнтæ æмæ районты администрациты минæвæрттæ.**



Нæ республикæйы оперативон уавæрыл афæлгæст скодта РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдары хæдивæг **Томайты Ирбег**. Куыд загъта, афтæмæй ивгъуыд къуыри Цæгат Ирыстоны æрцыд авд зынгсирвæзты, хъыгдард дзы ничи баййæфта. Цæстдард цæуы республикæйы цæугæдæтты æмвæзадмæ, къæвдаджын рæстæг бирæ хæссы, æмæ тæссаг у сæ раивылынæй. Æнæнхъæлæджы уавæртæм цæттæ сты, дзуапдæттæг службæтæ кæй ис, уый фæнысан кодта.

Уымæй уæлдай, Томайы-фырт радзырдта, Уæллаг Ларсы пунктыл кæй ахызт 21 мин машинæ æмæ 49 мин адæймаджы, электронон рады лæууы 60 машинæйы бæрц.

Нæ республикæйы автомобилон фæндæгтыл æрцыд 84 транспортон фыдбылызы, хъыгдард чи баййæфта, уыцы 18 адæймагæй 15 рынчындонмæ бахаудысты, иу дзы фæмард.

Аппаратон æмбырды ныхас цыд скъоладзауты сæрдыгон фæлладуагъдыл, æдасдзинады фарстатæ æмæ Иумæйаг паддзахадон фæлварæнтæм цæттæ кæныны фарстатыл. РЦИ-Аланийы ахуырад æмæ наукæйы министры хæдивæг **Дзанайты Марк** фехъусын кодта, 2599 чызджы æмæ лæппуйы, скъолаты рауагъдонтæ, кæй дæтдзысты фæлварæнтæ, уый тыххæй бацæттæ кодтой 17 пункты, уыдзæн дзы, куыд бынæттон, афтæ федералон цæстдарджытæ дæр.

Йæ куыст райдыдта сæрдыгон фæлладуадзæн рæстæг. 24 мин сывæллонæн фадат уыдзæн каникултæ хъæлдзæгæй, пайдаджынæй арвитынæн.

Уыимæ, хорзæхджын æрцæуыдзысты республикон конкурс «Театралон уалдзæг»-ы уæлахиздзаутæ.

РЦИ-Аланийы хъæууон хæдзарады министры хæстæ æххæстгæнæг **Мæхъиты Аланы** ныхасмæ гæсгæ, уалдзыгон-быдырон куыстытæ къуылымпы кæнынц. Къæвдаты аххосæй хуымтæм бацæуæн нæ уыд.

– Ныридæгæн уал зæххусджытæ байтыдтой 47,6 мин гектары, пъланмæ гæсгæ та байтаудзысты 109,2 мин гектары уалдзыгон культуртæ. Боныхъæд фæхуыздæр ис, æмæ февнæлдтой сæ куыстытæм, – загъта Мæхъиты Алан. Хицауады Сæрдар ын бахæс кодта, цæмæй хъæууон хæдзарады кусджытæ, цы 'мбæлы, уыцы паддзахадон æххуыс афойнадыл исой.

– Нæ республикæйы рынчындæтты ныртæккæ сæхи дзæбæх кæнынц 2605 адæймаджы, къуыримæ «тагъд æххуыс»-ы станцæмæ бадзырдтой цыппар мин хаттæй фылдæр, – фехъусын кодта æнæниздзинад хъахъхъæнынады министр **Митциты Астан**.

Æнæнхъæлæджы уавæрты министрады хъусынгæнинагмæ гæсгæ, цæугæдæттæ Æрыдон, Камбилеевкæ, Теркæн тæссаг у раивылдæй. Сыгъдæггонд цæуынц дондзæуæнтæ, хиды бынтæ, куыстыты архайы сæрмагонд техникæ.

– Уавæрмæ хъуамæ уа иудадзыг цæстдард æмæ цæттæдзинад, – бафæдзæхста Дзанайы-фырт.

Республикæйы Сæргълæууæгмæ цæуы хъасты фыстæджытæ. Уый фæдыл районты разамонджытимæ дзургæйæ, Хицауады Сæрдар загъта, Алагиры районы, Дзуарыхъæуы цæрджытæ кæй курынц сæ кæстæртæн спортивон фæз. Бирæгъзæнджы та сæ фæзы нæй электрон рухсытæ. Æрæфы районы разамындмæ фарста та баст уыд национ парк «Алани»-йы арæнтæ сбæлвырд кæнынимæ. Фистæгæй цæуынæн къахвæндæгты тыххæй дзырдтой Рахизфарсы цæрджытæ.

Æмбырды кæрон Хицауады Сæрдар министрадтæ, ведомствæтæ æмæ районты разамонджытæн хæслæвæрдтæ ратта.

**ГУГКАТЫ Жаннæ**

Форум

# Медиаæдасдзинад æмæ цифрон технологитæ

**Медиафорум «Цифрон Кавказ» цыппар боны цыд Махачкалайы. Арæзт уыд, ацы къабазы чи кусы, уыцы æрыгон специалисттæн Цæгат Кавказ æмæ Уæрæсейы ног регионты минæвæрттæн. Ахуырадон фæзуаты цы бирæвæрсыг хъуыддæгтæ æвзæрстой, уыдоны 'хсæн сæйрагдæр уыд цифрон æдасдзинад æмæ фейкты ныхмæлæуды темæ.**



Нырыккон царды уавæрты техникон æгъдауæй коммуникациты каналтыл гæрæнгонд сси информаци хæццæ кæнын, иннæмæй та, адæммæ цы информаци цæуы, уый сæм æвзæрын кæны æнæнцойдзинад, знæтдзинад æмæ катай. Уый та æхсæнад кæны æнæууæнк. Социологон наукæты доктор **Лариса Паутова** уый фæдыл загъта йæ хъуыдытæ:

– «Æхсæнадон цæстæнгас»-ы фонд æмæ Æхсæнадон цæстæнгас иртасыны æппæтуæрæсеон центр аразынц æрфæрстытæ, адæм кæй сæнæуууæнк сты, уымæ гæсгæ сæ хатдзæгтæ æцæгдзинад æвдисæг не сты. Уый канд Уæрæсемæ нæ хауы, æнæхъæн дунейы дæр адæмы æууæнк дæлæмæ хауы. Канд хицаудзинадмæ, æхсæнадон цардмæ нæ, фæлæ бинонтæ, хæлæрттæ æмæ зонгæтæм дæр. Цы кæнын хъæуы уыцы уавæры? Иуæй, схицæн кæнын хъæуы хи, интернеты цы каналтæм бафыста адæймаг йæхи, уыдоны кæцыдæр хайæ. Уæд суæгъд уыдзæн, æгæр бирæ чи сси, уыцы информацийæ. Иннæмæй – цард куыд у, афтæмæй йæ райсын хъæуы, цард дæр афтæмæй аразын хъæуы, – у ахуыргонды хатдзæг.

Информацион хæст нæ рæстæджы æцæгдзинад у. Йæ ныхмæ лæууын хъæуы, мæнгдзинадæй æцæгдзинад æвзарын царды домæн у. Медиаæдасдзинад уымæй аразгæ вæййы: хъусынгæнинаг фæзынд, уæд уал æй базон, раст у æви фейк, стæй йæ уæд равæр. Нырыккон технологитæ фадат дæттынц канд дзыллон информацийы фæрæзтæн нæ, фæлæ кæцыфæнды адæймагæн дæр æрмæджытæ исын æмæ сæ интернеты дæттын. Сæ дзæвгар хай баст вæййы тас, знæтдзинад æмæ æндæр æппæрццæг монцтæ расайынмæ. Форумы практикон, дискуссион, стратегион ахуырты æвзæрст цыдысты, сæ не 'руадзыныл архайд куыд хъуамæ цæуа, ууыл. Æппæт дæр баст у æдасдзинадимæ нæ нырыккон царды. Паддзахадæн, стæй æхсæнадæн ахсджиаг у ахæм специалисттæ цæттæ кæнын.

Форумы архайдтой регионты Рæзты управлениты центрты минæвæрттæ, уыдонæй иу – Стъараполы центры разамонæг **Александра Силицкая**:

– Кавказы информацион фæз сабыр никуы уыд, уымæ гæсгæ не знæгтæ арæх æрвитынц нæ регионмæ, адæмы кæрæдзийы ныхмæгæнæг информаци. Ахæм форумтæ та ахъаз сты нæ цæттæдзинад æмæ æмгуыстад æмбæлгæ æмвæзадыл дарынæн. Уый ахъаз у нæ куысты фейктæ иртасынæн, куы хъæуа, уæд та кæрæдзийы фарсмæ 'рбалæууын дæр.

Уæрæсейæгты сæрмагонд æфсæддон операцийæ хабæрттимæ чи зонгæ кодта æмæ кæны, уыдоны – телеканал НТВ-йы æфсæддон уацхæссæг **Алексей Ивлиев**, газет «Известия»-йы æфсæддон уацхæссæг **Денис Кулага** æмæ форумы эксперт, телеканал «Russian Today»-ы шеф-редактор **Дженнифер Ковтун** бæстон радзырдтой медиафорумы архайджытæн æфсæддон журналистикæ æмæ кризисон коммуникациты архайды фæдыл. Уыцы темæйыл нæ газеты иннæ номыры цæудзæн бæстон ныхас таурæгъон Алексей Ивлиевимæ. Нæ кæсджыты базонгæ кæндзыстæм, сæрмагондæй нæ газетæн цы интервью ратта йæ цард æмæ 'фсæддон уацхæссæджы куысты фæдыл, уыимæ.

Стъараполы телеканал «Свое ТВ»-йы тематикон программæты хицау **Ирина Ивановскаяйы** базонын фæндыд, сылгоймагæн æфсæддон журналист суæвынæн цы хъæуы, уый. Эксперттæ йын куыд бамбарын кодтой, афтæмæй, журналист уæвгæйæ, хъуамæ ацæуай сæрмагонд медицинон курсытæ, æрмæст уый фæстæ дæ бон у æфсæддон журналистæй кусын.

– Цифрон æдасдзинадмæ куыдфæндыйы цæстæй кæсæн нæй. Æхсæнады зондахастыл æвзæрырдæм зынынц, цæмæй нæ хорз цардмæ бæлджытæн уыцы фадат ма уа, уый тыххæй сын сæ фæндæттæ афоныл хъуамæ сæ хъуыры фæбадын кæнæм, иуварс сæ кæнæм. Адæмæн æмбарын кæнын хъæуы, знаггад ракæныны охыл цы информаци дæттынц, уый цы хуызы ис рахатæн æмæ йæ парахат кæнын нæ уадзыныл кусын. Нæ телеканалыл æнæбæлвырдгонд хабæрттæ нæ дæттæм, æнкъарæнты уæлархайдæй ис æхсæнады хъуыдыкæнынад зыгъуыммæ кæнын, уымæй дæр хызт стæм. Информаци раст у æви нæ, уый, цалынмæ сбæрæг кæнæм, уæдмæ эфиры нæ рацæуы, – зæгъы Ирина.

– Ацы форум кæд комкоммæ баст нæу нæ архайдимæ, уæддæр арæх рауайы афтæ, æмæ, ме 'мкусджытæ цы информаци 'рбадæттынц, уый бахъæуы рахатын, раст у æви нæ. Бæрæг кæнæм, нæ кусджытæ, стæй пъырыстыфты службæ æрвылаз социалон хызæгтæй цы ист бæрæггæнæнтæ 'рбарвитынц, уыдон. Бæстондæр мæ фæнды базонын, медиаæдасдзинадимæ баст фарстатыл куыд кусын хъæуы, уый. Ме 'мкусджытæн сараздзынæн семинар, бакæсдзынæн лекци, цæмæй æцæг информаци фейкæй иртасой. Сæрмагонд æфсæддон операци цæуы ныр, рæстдзинад зонын ахсджиаг у, уæлдайдæр, нæ кусджытæ дæр дзы кæй архайынц, уый нæ разæнгард кæны ацы куыстмæ, – зæгъы Дагестаны УФССП-йы æдасдзинады хайады кусæг **Гурият Курбанмагомедова**.

Медиаты сæйрагдæр тасдзинад уый мидæг ис, æмæ хицаудзинады ахадындзинад фесафынил кæй цæуы архайд, регионты уыцы фарста уæлдай ахсджиаг у. Адæмы æууæнк аразгæ у, информаци йæм чи хæццæ кæны, уыдонæй. Бафæлладысты, куыд сæ цæрын хъæуы, уыдæттæ сын чи амоны, уыцы блогертæй. Раздæр уыдысты дзыллон информацийы фæрæзтæ, æрмæгыл дзуапп чи дæтты, ахæм адæймæгтæ. Ныр алкæй бон дæр у цыфæнды дæр ныффыссын, скæнын æмæ йæ блогы раттын. Цæмæй йæ кæсджыты нымæц фылдæргæнгæ цæуа, ууыл у йæ хъуыды, адæмы зондахастæн уый цы дætты, уый йæ не 'ндавы. Политолог, регионалон политикæйы рæзты центры президент æмæ телеграм-каналы автор **Илья Гращенков** форумы архайджыты базонгæ кодта, медиа, блогтæ æмæ каналтæ аудиторийы цæстæнгас аздахыныл куыд архайынц, уыимæ.

Хабæрттæ цы бынат ахсынц, сæ нысан, аргъгонд сын куыд цæуы, афойнадыл æмæ рæстаг хъуамæ уой. Уый журналистæн иууыл ахсджиагдæр у йæ куысты.

– Хицаудзинад кæдфæнды дæр хъуамæ афойнадыл дзуапп дæтта, цы хабæрттæ дæттынц дзыллон фæрæзтæ, уыдонæн. Чысылдæр куы фæфæстæ кæной, кæнæ сæхи хъусæй куы дарой, адæм уыдæттæ хæстæг хæссынц сæ зæрдæмæ. Рæстæг ивы, йемæ – æппæт дæр, уыимæ, журналистикæ дæр. Фылдæр æрхуымхæссæг информаци цæуы адæммæ. Раздæр сæ лæвæрдта хъуыддагмæ дæсны адæймаг, ныр дзы чифæнды дæр хабæрттæ ацаразы, йæхицæй ма йыл бафтауы, афтæмæй. Уымæ гæсгæ къæрцхъус уæвын хъæуы, – у йæ хъуыды Мæхъхъæлы Республикæйы Президент æмæ Хицауады пресс-службæйы управленийы сæйраг специалист **Хусейн Гагиевæн**.

Цыппар боны ахуырты фæстæ масс-медиайы кусджытæ сæ хæдзæрттæм афæндараст сты, цы зонындзинæдтæ райстой, уыдонæй пайда хæсдзысты адæмы æдасдзинад, стæй, æмткæй райсгæйæ, сабыр цардæн.

**ХУЫБИАТЫ Ларисæ**

Сывæллætты хъахъхъæныны бон

# Хъæлдзæг æмæ райдзастæй

**Рæзгæ сабийы хъæлдзæг цæстæнгасæй адæймаджы зæрдæ барухс вæййы, йе 'ппæт мæстытæ, хъыгтæ дзы айрох вæййынц. Сывæллæтты хъахъхъæныны дунеон бон сабитæ сæ ныййарджытæ, нанатæ æмæ бабатимæ, сæ хъомылгæнджытимæ раивылдысты Дзæуджыхъæуы, районты горæтты сæйраг фæзтæм, парктæм, сквертæм.**



Æмæ куыд нæ, сывæллæтты бартæ, сæ сæрибартæ закъоны бындурыл уыдоны фæрцы хъахъхъæд цæуынц. Дзæуджыхъæуы, Хетæгкаты Къостайы номыл культурæ æмæ





фæлладуадзæн парк знон хорз суазæг кодта æппæт сывæллæтты дæр. Бæрæгбон саразджытæ куыд амонынц, афтæмæй дыууæ боны дæргъы парчы кусдзысты тематикон фæзтæ, алыхуызон сæрæн хъæзтытæн дзы фадæттæ ссардзысты рæзгæ сабитæ.

Уæдæ сæ алкæмæ дæр уыд сæ арæхстдзинад равдисыны бар. Бавнæлдтой пряниктыл рæсугъд нывтæ кæнынмæ, хи армæй конд дзаумæттæ аразынмæ. Туризмы бындуртыл дзырдтой, амыдтой сæ, роботохникæйы хуызтæ кодтой æмæ æндæр цымыдисаг хъуыддæгты уæлхъус балæууыдысты.

Парк æмæ æндæр фæзты ма уыд бæрæгбоны æндæр ахсджиаг хъуыддæгтæ дæр, концерттæ, сфæлдыстадон коллективтæ дæр сæ арæхстдзинад æвдыстой. Æнæмæнг, нæ сабитæ сæ бæрæгбон арвыстой хъæлдзæг æмæ райдзастæй. Сæ алы бон дæр ахæм рæсугъд уæд!

**Нæ уацхæссæг**
**Къамтæ систа**
**Татьяна ШЕХОДАНОВА**

Адæймаг æмæ йæ хъысмæт

# Дзулфыцæджы цардвæндаг

**Фыдыбæстæйы Стыр хæсты цаутæй рис, кæцы хæдзар, кæцы мыггаг нæ бавзæрста ахæм, æвæццæгæн, нæй. Хъæбатыртыл фæдзурæм æмæ фæфыссæм канд Уæлахизы бон нæ, фæлæ æрвылбон дæр. Бирæты нæмттæ дзы сты зындгонд, фæлæ дзы ис ахæмтæ, абоны онг дæр кæй нæ зонынц.**

Хъæбатыртæ свæййынц канд хæцæнгарзимæ нæ. Сгуыхтдзинад равдисынц æрмæст тохты нæ. Стырдæр хотых арæх зæрдæ вæййы. Уымæ гæсгæ рæстаг адæм арæх сæ рæсугъд миниуджытæй, сæ хъæздыг удыскондæй свæййынц хъайтартæ. Уыдонæй иу у Даниил Иваны фырт Кютинен. Уый уыд бынтон хуымæтæг адæймаг, цæсгом æмæ намысмæ гæсгæ чи цард, ахæм. Æмæ, кæд 80 азæй фылдæр рацыд, уæддæр йе сгуыхтдзинад æнæмæлгæ у.

Даниил Кютинен райгуырд 1883 азы Бетъырбухы финнаг бинонты 'хсæн. Куыста Ленинграды дзулфыцæн заводы.

Куыд зонæм, афтæмæй 1941 азы 22 июны немыц æрбабырста Советон Цæдисмæ, æмæ сентябры райдайæнмæ Ленинград уыд æрхъулайы. Уыцы рæстæг Кютиненыл цыд 59 азы. Ахæм зын рæстæг уæддæр йæ куыст нæ уагъта, фыхта дзул.

Блокадæйы райдайæнмæ, зæгъæн ис, æппындæр нал уыд хæринаг. Кæд июлы мæйы астæу дзул æвдисæндартæм гæсгæ кусæг адæмæн лæвæрдтой 800 граммы, æгуыст адæмæн та – 500 граммы, уæд блокадæйы райдайæны рæстæг цалдæр хатты фæкъаддæр сты. Уыйадыл дæттын райдыдтой 125 граммы. Уымæ гæсгæ дзулы æвдисæндартæ сыгъзæринæй зынаргъдæр уыдысты адæмæн. Кæй зæгъын æй хъæуы, дзулæн йæ конд дæр тынг аивта: райдыдтой йæ фыцын, цытæ ма ардтой, уыдонæй. Уый уыд сау, æндæдзæг цыдæр... Иу дзырдæй, тынг зын хæрæн æй уыд. Ссад дзы, зæгъæн ис, нæ уыд. Кодтой йæ хъæбæрхоры цъæмæлтæй, бæлæсты цъæрттæй... Диссаг у, фæлæ Ленинграды адæммæ æлыджы къæртты хуызæн дзулæй адджындæр ницы каст, йæ тæфмæ та йын мондаг кодтой.

Куыстæй цæугæйæ, Даниил Кютинен арæх уыдта стонг адæмы, куыд мæлынц, куыд сæ ныгæнынц, уый. Æппæты зындæр та йын уыд сывæллæтты кæуын хъусын. Куыстмæ-иу куы 'рбацыд, уæд та йæ алыварс уыд дзулы адджын тæф. Æмæ уый бынтон зын уыд: æдде – æххормаг адæм, мæлæт, йæ куысты та – адджын дзулы тæф.

Ахъуыды кæнут, куыд зын уыд, йæхæдæг цы дзул фыхта, уымæй иу карст дæр нæ райсын. Рох дæр мауыл, иу дзы баци, йæхи дæр хæрын хъæуы, уый, уымæн æмæ куыста æнæрлæугæйæ.

Заводы рæгъ-рæгъ æнхъæлмæ кастысты дзултæ, цæмæй сæ аласой дуканитæм. Даниил йæхæдæг афтæ тынг уарзта дзулы тæф, æмæ, горæт цы уавæрты уыд, уыдон æм фынау кастысты. Афтæмæй йæ



дзулфыцæн заводы сæрмæ æппынæдзух зилдух кодтой знаджы хæдтæхджытæ.

Адæм сæумæрайсомæй лæууыдысты рады Кютинены дзулмæ. Алкæмæ дæр уый стыр хæзнайау каст. Куыд диссаг у: уавæртæ тынг ивынц адæймаджы зондахаст. Уыцы дзул хæсты размæ хæргæ дæр ничи бакодтаид, ныр та йæм æнхъæлмæ кастысты.

Даниил тынг æфсæрмы кодта адæмæй: йæ дзул цæмæйты конд у, уый алчидæр зыдта. Сахары уыд иунæг куырой, æмæ уый дæр ницы уыйас куыста.

Дзулфыцæн заводы-иу куы фæци кусыны афон, уæд тынг лæмбынæг кастысты кусджытæм. Даниил æппындæр нæ дызæрдыг кодта: ахæм зын рæстæг исчи йемæ уырдыгæй дзул нæ ахастаид. Уый Кютинен барста давдимæ: кæмæйдæр æй райстай, ахастай... Уыцы дзулы карст та, чи зоны, кæмæндæр уды хос уыдаид.

Дзулфыцæн заводы кусджытæн бар уыд, сæ раздарæнтыл цы «ссад» баззад, уый æрæмбырд кæнын æмæ йæ ахæссын. Фæлæ Даниил уымæй дæр никуы спайда кодта. Æмæ æнæрвæссон уыд, уый тыххæй нæ. Намысыл, адæмыл хъуыды кодта. Никуы дзы байрох, йе 'рдхордæн, йемæ дзул чи фыхта, уымæн сывæллæттæ кæй ис, æмæ уый тынгдæр кæй бахъæудзæн алы къæбæр дæр. Æмæ сæ-иу уымæн ратта йе ссады муртæ.

Дзул фыцгæйæ, Даниил алкæддæр йæ зæрдыл дардта йæ мады куывдæй ныхæстæ: «Хлеб наш насущный дай нам на сей день». Нырма саби куы уыд, уæд ын мад дзырдта, цалдæргай километртæ кæй цыд дард хæстæджытæм, цæмæй сæ нартхоры кас ракура (Паддзахы заман дæр Уæрæсейы æххормаг рæстæг уыд). Æмæ йын-иу мад арæх загъта: «Держись, сынок, поближе к хлебу». Чи зоны, æппæт уыцы мысинæгтæ йæ зæрдыл бадаргæйæ, Кютинен равзæрста йæхицæн дзулфыцæджы дæсныйад.

Ленинграды дзулфыцæн заводы бирæ азты бакуыста. Æмæ ныр, блокадæйы рæстæг, æцæгæйдæр, æппæты хæстæгдæр Даниил уыд дзулмæ. Арæх-иу бафиппайдта хæлæджы цæстæнгас йæхиуыл, йæ кой дæр кодтой: «Хорз ын у, хъæрм бынат ссардта йæхицæн». Фæлæ йæ уавæрæй никуы спайда кодта, уымæн æмæ дзы никуы рох кодта, адæм æдде цы уавæры сты, уый.

Афтæмæй йæ хъæру сæфын райдыдта, ныммæллæг, цæстытæ ма дзы баззад. Адæм та дис кодтой, цы кæны, зæгъгæ, уымæн æмæ ничи ахъуыды кодтаид, дзулфыцæг æххормагæй баззайы, уый. Афтæмæй та Даниил алкæддæр цæттæ уыд йæ фæстаг къæбæр раттынмæ.

Никуы фæчъизи кодта йæ цæсгом. Никуы райста дзулы иунæг карст дæр. Афтæ-иу загъта: «Уый искæй аирвæзын кæндзæн мæлæтæй».

1942 азы 3 февралы Даниил æрхауд йæ пецы цур æмæ амард. Йæ пецы та ма, мæгуыр, фыхти дзул. Йæ амæлæты æвдисæндары фыст ис «дистрофия». Алы бон дзул чи фыхта, уый амард стонгæй.

Намыс æмæ йын цæсгом цардæй зынаргъдæр уыд. Йе сгуыхтдзинад та абарæн ис, тохы быдыры чи уыд, уыдонимæ, уымæн æмæ Кютинен дæр йæ цард адæмы сæраппонд ратта.

Даниил Кютинены ном, куыд хъайтары ном, бахастой Ленинграды æрхъулайы Зæрдылдарыны Чиныгмæ.

**РÆМОНТЫ Алинæ**

Мæ хъуыдытæ

# Тотрадзы хуыздæр чиныг

**Æз ын кæддæр йе ʼмдзæвгæтыл цин кодтон. Кæддæр, зæгъгæ, ивгъуыд æнусы æхсайæм азты райдайæн. Мах уæд ахуыр кодтам Дзæуджыхъæуы педагогон училищæйы, дыууæйæ дæр уыдыстæм литературон къорды уæнгтæ. Къуыри-иу иу хатт нæ разамонæг, училищæйы ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæг Зæнджиаты Розæ не ʼмбырд райдыдта йæ уæдан курдиатæй: «Уæ ног æмдзæвгæтæ ма мын бакæсут!..»**

Кастысты-иу сæ Кокайты Æхсар, Гокъоты Агуыбе, Чеджемты Геор, Къæбойты Мурат, Рæмонты Алик, Малиты Тая (Васойы кæстæр хо), Тотрадз дæр æмæ æз дæр. Цæмæндæр-иу мæм афтæ касти, цыма нæ ахуыргæнæг Тотрадзы фыццаг поэтикон рæнхъытыл уæлдай тынгдæр бацин кодта.

Нывкæнынады хайады ахуыр кодта Тотрадз, фæлæ аивады уыцы хуызыл йæ уды сконды литературæйы хуыз – цæхæркалгæ поэзи фæуæлахиз ис. Æмæ йæ зонын: уый йæхæдæг дæр уыыл фæсмон нæ кæны, мыггагмæ бузныгæй баззад нæ литературон къорды разамонæгæй, нымайы йæ, йæ цардвæндагыл цы хорз адæмтимæ сæмбæлд, уыдонæй иуыл. Мæ кæлæрттæ Дзбойты Мишæ, Дулаты Соня, Цæлойты Риммæ, Тотрадз йæхæдæг дæр мæн гæдыныхас зæгъын нæ бауадздзысты: æз ахæм аз нæ хъуыды кæнын, æмæ мах не стыр ахуыргæнæджы ма бабæрæг кæнæм Терчы был йæ хæдзары. Цалдæр азы размæ, йе ʼцæг дунемæ куы ацыд, уæд ын махæй алчидæр йæ чырыны уæлхъус радзырдта, Тотрадз ма йыл æнкъард æмдзæвгæ дæр ныффыста, не ʼппæтыл æй байуæрста.

Æз ын абон та цин кæнын йæ публицистикæйыл. Йæ ацы ног чиныг дæр афтæ хуыйны – «Публицистикæ». Чиныгаразæг Токаты Зæринæ йæ разныхасы раст бафиппайдта: «Чи йæ бакæса, уый дис кæндзæн: цавæр литературон жанр ын у: аивадон, документалон æви публицистон? Æмæ уыцы фарста раттæг уыдзæн раст. Цæвиттон, Тотрадз йæ ацы уацмысы баиу кодта прозæйы æппæт хуызтæ дæр æмæ афтæмæй аивта чиныгкæсæджы цæстæнгас йе сфæлдыстадмæ».

2015 азы рацыд чиныг «Писатели Осетии», æмæ дзы Тотрадзыл фыст уац райдайы афтæ: «У поэт, тæлмацгæнæг, драматург». Хуыцауы фæндæй, иннæ ахæм чиныг куы рацæуа, уæд ма йыл бафтаудзысты, а фæстаг рæстæг Тотрадз прозаик, публицист кæй ссис. Æрæджы йæ нæ зарæггæнджыты хуыздæртæй иу, нæ республикæйы адæмон артисткæ Гæбуты Жаннæ та телерадиосты рахуыдта «нæ абоны зарæджы пехуымпар».

Ацы уац цы чиныгыл фыссын, уый дæр та йын æвдисæн у йæ иннæ стыр курдиатæн. Куы йæ бакастæн, йæ фæстаг сыф ын куы афæлдæхтон, уæд нал фæлæууыдтæн æмæ Тотрадзмæ сдзырдтон телефонæй, раарфæ йын кодтон. Стæй йын бафиппайдтон, зæгъын, не стыр ахуыргæнæг ма дын æй куы федтаид, уæд йæхицæй æхсызгондæр никæмæн уыдаид йæ рацыд. Мæхи хъуыды дæр ын загътон: «Нывтæ дæр, æмдзæвгæтæ дæр, зарджытæ дæр хорз сты, фæлæ дын, мæнмæ гæсгæ, ацы чиныг у дæ бирæ чингуыты хуыздæр æмæ хъæугæдæр...».

Тотрадз иучысыл хъусæй алæууыд, стæй уæзданæй загъта: «Чи зоны, æмæ ды раст дæ, Дамир».

Мæнæн æхсызгон уыд, йæхæдæг дæр йæ ног чиныгæй сæрыстыр кæй у, уый. Абон нæ литературæйæн йæхи раст аргъгæнæг чи хоны, уыдонæй чи цы зæгъдзæн, æз уый нæ зонын, фæлæ, мæнмæ гæсгæ, ацы чиныг, ныры кон ирон фысджытæн ацы æнусы чи рацыд, уыцы чингуыты хъæугæдæр у. Йæ сæйраг темæтæ та сты фыдыуæзæг, нæ адæмты иудзинад, ирон æвзаг æмæ нæ фыдæлты æгъдауы хъысмæт. Мæнæн Тотрадзы чиныджы уæлдай тынгдæр мæ зæрдæмæ фæцыдысты йæ фыццаг дыууæ цауы: «Æнæ райгуырæн ницы ис» æмæ «Нæ уалдзæг – дæ уазæг, Иры фарн».

Æз бирæ фæцардтæн. Кæй загъын æй хъæуы, бирæ



цыдæртæ кастæн нæ сыхаг бæстæты адæмтимæ тызмæг ахастдзинæдты тыххæй, фæлæ сыл ахæм лæмбынæг фыст уацтæ – фыццаг хатт. Мæнмæ гæсгæ, æрмæст уыдоны тыххæй дæр Тотрадзæн æмбæлы историон наукæты кандидаты кадджын ном раттын, стæй ацы дыууæ уацы дæр хицæн чиныгæй рауадзын нæ дыууæ паддзахадон æвзагæй стыр тиражæй. Тотрадз йæ чиныгæй бирæ куыст ратта, хъуыды чи кæны, нæ уыцы литературæ иртасджытæн, кæннод, йæхи загъдау, гуырдзиаг историктæ абон мæлдзыгæй пыл арæзынц, пылæй та – мæлдзыг, мах та нæхи ницы зонæг, ницы хъусæг скодтам. Мæ зæрдæмæ фæцыд, Тотрадз ахходджын кæй кæны, канд нæ абоны хицауады нæ, фæлæ нæ адæмæн сæхи дæр. Йæ тызмæг фарстатæй нæ домы нæ кæстæрты фидæныл хуыздæр ныхъхъуыды кæнын.

Мæ зæрдыл æрлæууыд мæ кæддæры фембæлд Хъæбæлоты Биларимæ. Куы нал куыста, уæд нын йæ хæдзары рауад ныхас... Нæ дыууæ Иры хъысмæты тыххæй дзырдтам.

– Брежневы рæстæг дæр-иу цæмæй дыууæ Иры баиу уой, уыыл ныхас цыд, æмæ кæцыдæр аз бауынаффæ кодтам афтæ: дæлæ Мæскуымæ Цæгатæй дæр æмæ Хуссарæй дæр ацæуæд фæйнæ фондз дзырддзæугæ зæронд лæджы æмæ Брежневæн загъæнт нæ иумæйаг курдиат: «Иу адæм стæм, фæнды нæ, иу республикæйы куы цæриккам, уый». Уал азы фæстæ ма, Дамир, мæхи æфхæрын: цæмæндæр уыцы хъуыддаг алыг кæныны фарста æз хуыздæрæн рахæссын кодтон партийы обкомы бюройы æмбырдмæ, фæлæ йæ уæнгты фылдæр йæ фарс нæ рахæцыдысты. Цыбыр дзырдæй, Къуыдаргомы

зæронд лæгтæ сæхæдæг ацыдысты Мæскуымæ, уæды азты партийы ЦК-йы инструктор Чехойты Анатоли та сын тæлмацгæнæг уыд. Уый Брежневæн, ирон уаздæжы ʼрцыды сæр цæй тыххæй у, уый загъта. Уæд, дам, уымæн йæ фыццаг фарст уыд ахæм:

– Абон дыууæ Иры ирон адæмы нымæц цас у?

Куы йын æй загътой, уæд дзуапп ратта:

– Уæд та ма, зæгъæм, милуан куы уаиккат, уæд уæ æмæ иу ныхасæй дæр баиу кæниккам, фæлæ...

Уый, дам, къуыдайраг уæздан лæгтæн хъыг уыд, иу дзы сыстад æмæ Анатолийæн загъта: «Мах милуан куы уаиккам, уæд дæу фæрсиккам?»

Дæуæн нæ зонын, мæ кæсæг, фæлæ ацы азы райдайæн мæнæн зын скодтой дыууæ ахæм хабары: республикон радиойæ радзырдтой, ивгъуыд азы фæстаг бон Ирыстоны кæй райгуырд... 4 сывæллоны, нæ сыхаг Цæцæны та – 72. Газет «Слово»-йы та фыстой, ивгъуыд 2025 азы 244 ирон чызджы сæхицæн царддæмбалæн кæй равзæрстой фæсарæйнаг лæппуты, кæцы бæстæтæй сты, уый дæр ранымадтой: Инди, Португали, Швейцари...

Уый дæм куыд раст кæсы, кæцыдæм здæхт у нæ зондахаст?

Тотрадз йæ чиныджы кæуæгау кæны нæ мадæлон æвзаджы абоны уавæрыл дæр, мах дæр сагъæс кæныныл æфтауы. Ды цы хъуыды кæныс, æз уый нæ зонын, мæ кæсæг, фæлæ дын мæнæ цы зæгъинаг дæн: не ʼгъдау, нæ удыхъæды рæсугъддзинад, нæ хъæугæ митæ иууылдæр баст сты æвзагимæ. Иронау чи нæ дзуры, ирон уæвгæйæ, уымæ фаг æфсарм нæй, уый нæ ʼхсæн æцæг ироныл нымад хъуамæ ма уа, уый йæ райгуырæн Ирыстон хъæбулы уарзтæй нæ уарзы. Ахæм адæм нæм фылдæрæй-фылдæр кæнынц, æмæ уыдонæн сæ цот дæр сæхи хуызæн рауайдзысты.

Зæгъут-ма мын, махмæ фидæны ирæттæ куыд хъуамæ райдайой се ʼвзаг æмбарын, сæ ныййарджытæ æрмæст




уырыссагау куы дзурынц, уæд? Ирон дзырдæн нæм фаг аргъ нал ис. Нæ сыгъзæрин «Рæстдзинад»-ы тиражмæ куы æркæсын, уæд мæ уæлгоммæ ахауынмæ бирæ нал фæхъæуы, мæ зæрдæ куы ницы кæнид. Дæнцæгтæ нал хæсдзынæн, фæлæ ма уавæр афтæ иуцæдæр куы ахæсса, нæ адæммæ хуыздæр зонд куы не ʼрцæуа, уæд, мæнмæ гæсгæ, нæ хицауады спайда кæнын хъæуы æфсады карз мадзалæй: «Не можешь – научим, не хочешь – заставим». Чи зоны мын уый æгæр къæйных хъæс у, фæлæ æцæг рæстдзинад æдзухдæр карз вæййы. Мах хъæуы æвзаджы тыххæй закъон, уым хъуамæ фыст æрцæуой нæ хицауады, стæй хъымæтæг адæмы хæстæ. Абон цы уавæры стæм, æз уымæн æндæр хос нæ зонын. Кæм ис уыцы закъон нырмæ?

Æрæджы газет «Аргументы и факты»-йы бакастæн нæ сыхаг Мæхъхъæлы сæйраг горæт Магасы мэр Беслан Цечоевы фæзминаг хъæппæрисы тыххæй. Уый йе ʼмкусджыты æрæмбырд кодта æмæ сын сарæзта фæлварæнтæ, се ʼвзагыл сæ чи куыд дзуры, уый базоныны охыл. Кæмæйдæрты дзы йæ зæрдæ нæ барухс æмæ сын загъта: «Махæн нæ фыдæлтæ абоны онгмæ бахъахъхъæдтой не ʼвзаг, æмæ мах нæ адæмимæ хъуамæ дзурæм уыцы æвзагыл. Исчи уæ куыстæй куы фæхауа, уæд-иу мæ ма рахъаст кæнут...»

Мах хицауадæй цымæ уыцы мэры бафæзмыныл исчи ахъуыды кодта?

Мæнæн æхсызгон у, Тотрадзæн йæ иуæйиу хъуыдытæ быцæу ныхасмæ кæй рахизынц, уый. Зæгъæм, францаг фыссæг Гайто Газдановы тыххæй. Уымæн, дам, «æнæмæнгæй æмбæлы Дзæуджыхъæуы цырт сæвæрын, уымæн æмæ уый руаджы айхъуыст дунейыл Гæздæнты мыггаджы кой». Мæнмæ гæсгæ йын ницæмæн хъæуы цырт æвæрын. Нæ æххæст ын нырмæ цы ис, уыдон ын фаг сты. Чидæртæ, ирон фысджыты сфæлдыстад чи нæ зоны, уыдон Гайтойы æгæр хæрдмæ исынц, иу дзы фарон радиобакасты афтæ дæр ма загъта, Къостайы фæстæ, дам, нæ дыккаг фыссæг Газданов у. Цы йæм ссардтой уагæры, цæуыл нын ахуыр кæнынц йæ уацмыстæ нæ ирон кæстæрты?

Уæ хорзæхæй, ма фæсивæг кæнут æмæ нæ республикæйы чиныгдæтты уæхицæн сбæрæг кæнут, Гайтойы цал адæймаджы кæсынц, уый. Зæгъæм, махмæ, Рахизфарсы районы сæйраг чиныгдоны, йæ чиныг «Вечер у Клер» лæууы 1990 азæй фæстæмæ, æмæ йæ уæдæй абонмæ райстой æрмæст... 4 чиныгкæсæджы... Æз Тотрадзæн лæгæй-лæгмæ ракæндзынæн Гайтойы цардвæндагыы иннæ хабæрттæ дæр, кæд сæ, мыййаг, нæ зоны. Зæгъæм, уый фæсарæнты бирæ цъыфкалæн фæкодта Максим Горькийыл, Михаил Шолоховыл, Алексей Толстойыл, суанг Сталиныл дæр, советон цардыуагыл, сæйрагдæр та уый у, æмæ иронау иунæг рæнхъ дæр нæ ныффыста...

Цæуылдæрты ма Тотрадзимæ быцæу ныхас акæнæн ис. Æцæг хорз чиныджы бакасты фæстæ афтæ хъуамæ уа.

Мæн фæндыд, Тотрадз йæхи удæй бирæ аргъ кæмæн кæны, уыцы «Рæстдзинад» æмæ йæ бирæ чиныгкæсджытæм хæрзæггурæггаг фæуын, Тотрадз та нын ногæй фесгуыхт: рацыд йæ чингуыты хуыздæр! Æмæ ма иу хабар. Æвæццæгæн æй бафиппайдтаиккат: æз мæ иу рæнхъы дæр чиныджы авторы мыггаг нæ загътон, нæ йæ хъæуы, адæмæн æнæуи дæр зындгонд у. Къоста, Секъа, Цомахъ, Нафи, Булат, Бибо, Шамил, Камал, Музафер... Ныр та ма сæм бафтыд Тотрадз дæр, нæ литературæйы æз зыбыты иунæджы зонын ахæм номимæ, æмæ йæ цæй æмæ амæй фæстæмæ кæрæдзийæн уымæй амонæм.

Мæ рагон стыр хæлар у уыцы кады аккаг.

**ДАУЫРАТЫ Дамир,**
**Хуымæллæг, май, 2026 аз**

Мадæлон æвзаг

# Æнæнцой зæрдæ

**Нæ мадæлон æвзаг кæй сæфы, кæй йыл ничиуал дзуры, абон нæ сагъæс ууыл у. Хъæуы исты мадзæлттæ аразын. Ахæм ныхæстæ та, бæрæг куыд у, афтæмæй фылдæр фæкæнынц, кæддæр чи аразы, уыдон. Алкæмæ дæр афтæ кæсы, æмæ йæ, зæгъгæ, хъуамæ уый скæна, аразгæ та – æндæр исчи. Æмæ дардæй уынаффæтæ кæны, йæхи цот та сæ мадæлон æвзагыл нæ дзурынц.**

Раст зæгъгæйæ, дзургæ бирæ чи нæ кæны, фæлæ хъуыддагæй чи архайы, ахæмтæ дæр ма нæм ис. Уыдон сæ размæ сæвæрдтой мадæлон æвзаг, нæ культурæ, традицитæ цæмæй ма фесæфой, ахæм хæс. Сæ удæй бацыдысты исты бæлвырд мадзæлттæ саразынып, æмæ сын æнтысгæ дæр кæны, уымæн æмæ, кусын кæй фæнды, уый ницавæр цæлхдуртæ бауромдзысты.

Уыдонæй иу у, æнæ уæлдай ныхæстæй йæ хъуыддаг чи аразы, сывæллæтты сæ мадæлон æвзаг ахуыр кæнынæн йæ уд чи нывонд кæны, уыцы æцæг ирон чызг **Гæздæнты Агуындæ**, англисаг æвзаджы ахуыргæнæг. Ничи йæ хæсджын кæны сывæллæтты иронау дзурынцыл ахуыр кæнын, фæлæ уыцы нысан йæхæдæг сæвæрдта йæ размæ. Канд ахуыр нæ кæны сабиты, фæлæ, цæмæй æрмæг хуыздæр бамбарой, уый тыххæй æрхъуыды кодта алыхуызон фæрæзтæ.

Гæздæнты чызг райгуырд Дзуарыхъæуы, ирондзинад бæрзонд æвæрд кæм у, ахæм бинонты ʼхсæн. Фæлæ, кæмæ æркувæта, уыдон – Елуатæ, æфсæддон дæсныйадыл хæст кæй сты, уымæ гæсгæ сæ цард арвыстой Уæрæсейы алы горæтты. Ахæм уавæрты та æвзаг бахъахъхъæнын зындæр у. Уæдæ йе ʼртæ сывæллоны дæр кæцæй сахуыр уыдзысты, скъолаты, рæвдауæндæтты дæр æрмæстдæр уырыссагау куы дзурынц, уæд. Агуындæ бамбæрста, алцыдæр йæхицæй арæзгæ кæй у, æмæ райдыдта архайын.

Зыдта йæ, сывæллæттæ се ʼвзаг традицион хуызы зынтæй кæй бамбардзысты, æмæ æрхъуыды кодта æндæр мадзал. Уый та у хъазты, зарджыты, интерактивон видеоæрмæджыты хуызы сын ирон дзырдтæ, ныхас амонын. Кæд æм ныв кæнынц курдиат нæй, уæддæр-иу уыцы дзырдтæ анывкодта, æмæ сын



ГÆЗДÆНТЫ Агуындæ йæ хъомылгæнинæгтимæ

сæ быны иронау æмæ уырыссагау фыста, ныв хъайтар цы архайы, уый. Зæгъæм, «лæппу фæцæуы», «чызг бады», «дада кусы», «нана цъында бийы» æмæ афтæ дарддæр. Уымæй уæлдай, бинонты, цæрæгойты, халсарты, дыргъты, зайæгойты нæмттæ сæ нывтæм гæсгæ ахуыр кæны. Агуындæ куыд зæгъы, афтæмæй йæхицæн никуы ныббарстаид, йæ цот иронау куы нæ зыдтаиккой дзурын, æмæ йæ методикæ парахатæй амонын райдыдта. Нывтæй дарддæр ма сын сæхи, иронау ахуыр кæнгæйæ, видеомæ сисы æмæ сæ ныриккон нымæцон технологиты фæрцы рапарахат кæны. Уый сабитæм тынг диссаг кæсы, телевизорæй нæ æвдисынц, зæгъгæ, æмæ нодже тынгдæр тырнынц ахуырмæ.

Фæстагмæ сæм сæ зонгæты, сыхæгты сывæллæттæ дæр æрбаиу сты, æмæ ахæм хуызы иронау ахуыр кодтой, сæ аудитори та кодта уæрæхдæр. Агуындæ куыд зæгъы, афтæмæй нæм бирæ ис курдиатджын, йæ мадæлон æвзагыл чи дзуры, ахæм сывæллæттæ, фæлæ тæрсынц, куы фæрæдийой, æмæ æфсæрмы кæнынц дзурын. Ахæмтæн та хъæуы æххуыс кæнын. Сывæллон æй куы æмбара, дæхæдæг дæр зæрдиагæй архайыс æмæ уымæй æхцондзинад исыс, уæд уый дæр разæнгард кæны.

– ЦИПУ-йы фæсарæйнаг æвзæгты факультеты мемæ ахуыр кодта Гæбæраты Алинæ. Ныртæккæ цæры Францы, ис ын æхсæзаздзыд сывæллон. Кусы францаг æвзаджы ахуыргæнæгæй, фæлæ йын сæйрагдæр у йæ мадæлон æвзаг. Уый дæр ацы методикæмæ гæсгæ ирон æвзаджы рæзтыл архайы Францы. Къуыри иу хатт видеобастдзинадæй фæныхас кæнæм иронау, сыгъдæг дзуры сывæллон дæр. Уый мын бацамыдта исын интернеты хызæгæй цæттæ нывтæ, видеокадртæ, æмæ сывæллæтты иронау дзурын кæнын. Йæ амындмæ гæсгæ, æз дæр афтæ райдыдтон кусын. Бæрæг рæстæг сайтæн бафидын æмæ мæ курдиат ныффыссын, цавæр нывтæ æмæ мæ видеосценаритæ хъæуы, уый тыххæй æмæ сæ райсын. Дарддæр та, куыд зонæм, афтæмæй сын сæ архайдмæ гæсгæ текcттæ æрхъуыды кæнын уырыссагау, иронау сæ тæлмац кæнын æмæ сæ сабиты размæ хæссын дыууæ ʼвзагыл. Цæмæй сæ фылдæр адæм уыной, уый тыххæй «Telegram» каналы бакодтон сайт «Ирон саби», æмæ уым мæ куыстытæм гæсгæ, кæй фæнды, уыдон ахуыр кæнынц иронау. Ацы каналæн ма йæ хорздзинад уый мидæг ис, æмæ уыцы кадртæ райсæн æмæ сæ пайда кæнæн ис телефонты дæр, — зæгъы Агуындæ.

Гæздæнты чызг куыд зæгъы, афтæмæй цыфæнды информаци дæр хъазты хуызы куы бамбарын кæнай, уæд æй сывæллæттæ тагъддæр бахъуыды кæнынц, стæй йæ æвзаджы «къæбицмæ» бахæссынц.

Ныртæккæ сайт «Ирон саби»-йы ис базонбазонтæ, уыцы-уыцитæ, цыппаррæнхъонтæ, зарджытæ, нымæцтæ, цыбыр видеонывтæ... Зæгъæм, нæ разы уынæм ахæм видеокадр: зæххыл æвæрд сты иу асыкк æмæ иу чыргъæд. Хъуысы Агуындæ – амонæджы ныхас: «Асычы æвæрæм халсартæ, чыргъæды – дыргътæ». Æмæ фæрсы, кæдæм цы хъæуы æвæрын æмæ йын йæхæдæг дзуапп дæтты: «Кæрдо – чыргъæдмæ, картоф – асыкмæ», «Чылауи – чыргъæдмæ, уырыдзы – асыкмæ».

Амонæг дыргътæ æмæ халсарты нæмттæ куыд дзуры, афтæ, сæ нывтæ сын æвдисгæйæ, иугай цæуынц сæ амынд бынæттæм, æмæ сæ сабитæ бахъуыды кæнынц. Кæнæ чиныг-магнитыл ис чызг æмæ лæппуйы фигурæтæ. Чиныджы сыфтыл ма ис «скъаптæ» арæзт дæр. Уырдыгæй исынц алыхуызон дзаумæттæ, сæ нæмттæ сын дзурынц, афтæмæй, æмæ сæ чызг æмæ лæппуйыл ныхасынц æмæ афтæ дарддæр. Ахæм бирæ алыхуызон хъæзтыты руаджы сывæллæттæ канд ирон дзырдтæ нæ бахъуыды кæнынц, фæлæ ма дзы райсынц стыр æхцондзинад дæр.

Ныртæккæ Гæздæнты Агуындæ кусы Уæлæмхасæн ахуырады центры англисаг æвзаджы ахуыргæнæгæй. Уыцы ахуырады артдзæсты разамынд хорз зонынц Агуындæйы уарзондзинад йæ мадæлон æвзагмæ æмæ йын бафедзæхстой, цæмæй, англисаг æвзаджы къласæй уæлдай, ирон кълас дæр сараза æмæ йæхи методикæмæ гæсгæ сабиты ахуыр кæна. Кæнгæ дæр афтæ бакодта. Ныртæккæ уæлдæр амынд скъолайы ахæм уроктæ амоны Агуындæ. Уыцы уроктæ бапарынц интернеты хызæгмæ дæр, афтæмæй парахат кæнынц нæ мадæлон æвзаг. Йæ ахуыргæнинæгтæ та кæнынц фылдæрæй-фылдæр. Йæхи кæстæртæн та у цæвиттойнаг.

Мадæлон æвзаджы фарн æнустæм амайгæ мæсыг у, æмæ дзы иу дур дæр чи бавæра, уый арфæйаг хъуыддаг аразы. Уымæн æмæ дон æртахгай æмбырд кæны. Алчидæр Гæздæнты Агуындæйы хуызæн æнæнцой зæрдæ куы уаид, бирæ дзурыны бæсты хъуыддагæй куы архаид, уæд ныл не ʼвзаджы уавæр ахæм мæгуыр нæ уаид. Кусын дæ куы фæнда, уæд амал ссардзынæ...

**ДЖУСОЙТЫ Нинæ**

**Спортивон фидиуæг**










**Ерыстæ**

# Равдыстой сæ цæттæдзинад

**Дзæуджыхъæуы, Хъуылаты Бадзийы номыл Спортивон галуаны арæзт æрцыд Æппæтуæрæсеон физкультурон-спортивон комплекс «ГТО»-йы регионалон фестиваль скъоладзауты 'хсæн.**

Фестивалы сæ физикон цæттæдзинад æвдыстой Дзæуджыхъæу æмæ нæ республикæйы районты скъоладзауты командæтæ.

Скъоладзаутæ ерыс кодтой, ГТО-йы домæнтæм чи хауы, уыдоны æхсæз хуызæй: 2-километрмæ згъорын, турникыл хæрдмæ хи сивазын, зæххæй хæрдмæ къухтæй хи сæлвасын, гимнастикон фахсбандоныл дыууæ хуызы фæлтæрæнтæ æмæ дæргъмæ бынаты лæугæйæ гæпп кæнынæй.

Скъоладзаутæ зæрдиагæй архайдтой ацы фæлварæнты сæхи сæрæнæй равдисынил, æмæ дзы сæ фылдæрæн уый бантыст.

Фыццаг бынатмæ рацыдысты Дзæуджыхъæуы скъоладзаутæ, 2-аг бынат бацахста Горæтгæрон районы скъоладзауты командæ, 3-аг бынат та лæвæрд æрцыд Кировы районы командæйæн.

Æнæмæнг, ГТО-йы ерыстæ пайдайы хос сты æвзонг фæлтæрæн се 'нæниздзинад æмæ физикон цæттæдзинад фидар кæнынæн. Абон уыцы фарстатæм хъæуы лæмбынæгдæрæй æркæсын, уымæн æмæ адæм, уæлдайдæр та кæстæртæ, æгæр бирæ рæстæг се 'ргом здахынц алыхуызон электронон гаджеттæм. Куыд зонæм, афтæмæй уый хорзæрдæм нæ зыны адæймаджы æнæниздзинадыл.

**БАСКАТЫ Уырызмæг**




**Арфæ**

## *Сывæллætты хъахъхъæныны дунеон боны фæдыл*

*Зæрдиаг арфæ кæнын Цæгат æмæ Хуссар Ирыстоны сабитæн Сывæллæтты хъахъхъæныны дунеон боны фæдыл, сæ ныййарджытæн æмæ, семæ æрвылбон чи архайы, уыцы ахуыргæнджытæ, хъомылæнджытæ, социалон кусджытæ æмæ тренертæн! Сабидуг адæймагæн йæ царды амондджындæр рæстæг у – йæ алыварс дуне æмбарын куы райдайы, йæ зæрдæйы фыццаг ирд æнкъарæнтæ куы фæзынынц, ахæм хъæлдзæг æнæмæт дуг.*

*1 июны бæрæгбон хуымæтæджы нæ бæрæг кæнæм – скъоладзаутæн сæ улæфты рæстæг ралæууы, сæ хъарутæ бамбырд кæнынц ног ахуыры азмæ. Æхсæнадæн та ма бæрæгбон йæ зæрдыл иу хатт æрлæууын кæны йæ бæрнондзинад рæзгæ фæлтæры раз, цæмæй йын сараза æппæт мадзæлттæ дæр йæ амондджын цардæн.*

*Мæнæн мæ æхсæнадон архайд æнгом баст у сабитимæ, республикæйы бирæ скъолаты мæ зонынц, мæ бон цæмæй у, уымæй сын æххуыс кæнын. Се 'хсæн – сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджыты, æвæрæз бинонты сывæллæттæ. Æмæ ма цы вæййы адæймагæн уымæй æхсызгондæр, сабитæ дæ размæ куы разгъорой, зæрдиагæй дыл куы бацин кæной!*

*Алы бинонтæн дæр мæ зæрдæ зæгъы æнæниздзинад, амонд, фæрныгад сабыр арвы бын. Алы хæдзарæй дæр хъуысæд амондджын сывæллæтты хъæлдзæг худт!*

**ЛАЛЫТЫ Лев,**
**æхсæнадон архайæг, амалхъом, хæрзгæнæг**

РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг хъыгзæрдæйæ тæфæрфæс кæны хиуæттæ æмæ хæстæджытæн,
**ДЗАНАЙТЫ**
**Георгийы чызг Ольгæ**
кæй амард, уый фæдыл.

РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар хъыгзæрдæйæ тæфæрфæс кæны хи уæттæ æмæ хæстæджытæн,
**ДЗАНАЙТЫ**
**Георгийы чызг Ольгæ**
кæй амард, уый фæдыл.

РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг æмæ Хицауады Администраци хъыгзæрдæйæ тæфæрфæс кæны хиуæттæ æмæ хæстæджытæн,
**ДЗАНАЙТЫ**
**Георгийы чызг Ольгæ**
кæй амард, уый фæдыл.

Газет «Рæстдзинад»-ы коллектив хъыгзæрдæйæ тæфæрфæс кæны РЦИ-Аланийы ахуырад æмæ наукæйы министр Алыбегты Эллæ Мæирбеджы чызгæн, йæ фыд
**МУЦУАТЫ**
**Михаилы фырт Мæирбег**
кæй амард, уый фæдыл.

Советон Цæдисы Хъæбатыр Хъыбызты Алыксандры номыл 4-æм гимназы ахуыргæнджытæ æмæ ахуырдзаутæ хъыгзæрдæйæ тæфæрфæс кæнынц бинонтæ æмæ хæстæджытæн, РЦИ-Аланийы адæмон артисткæ, Нæлгоймæгты национ хоры разамонæг
**ДЗАНАЙТЫ**
**Ольгæ Георгийы чызг**
кæй амард, уый фæдыл.

## РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ


**ТЕРРИТОРИАЛЬНОЕ УПРАВЛЕНИЕ ФЕДЕРАЛЬНОГО АГЕНТСТВА ПО УПРАВЛЕНИЮ ГОСУДАРСТВЕННЫМ ИМУЩЕСТВОМ В РСО – АЛАНИЯ (ДАЛЕЕ — ОРГАНИЗАТОР ТОРГОВ) СООБЩАЕТ:**
**о проведении торгов по реализации арестованного УФССП по РСО-Алания имущества, принадлежащего должнику:**

**1. Имущество Тигишвили М.В., расположенное по адресу: РСО-Алания, г.Владикавказ, ул. Цоколаева, 32, корп.1 кв.78.**

**Лот № 1** – жилое помещение КН 15:09:0040401:2629, общей площадью 37кв.м. Начальная цена лота – 2 919 832,8 руб. Задаток – 145 000 руб. Шаг аукциона – 30 000 руб.

**2. Имущество Болоташвили О.В., расположенное по адресу: РСО-Алания, Пригородный район, ст-ца Архонская, ул.Григоряна, 82а.**

**Лот №2** – жилой дом КН 15:08:0902113:35, общей площадью 39,1кв.м., земельный участок КН 15:08:0902113:39, общей площадью 264кв.м. Начальная цена лота – 1 714 500 руб. Задаток – 85 000 руб. Шаг аукциона – 18 000 руб.

**3. Имущество Бегизова Ч.А., расположенное по адресу: РСО-Алания,Пригородный район, ст-ца Архонская, ул.Григоряна, 82.**

**Лот № 3** – жилой дом КН 15:08:0902113:36, общей площадью 121,9кв.м., земельный участок КН 15:08:0902113:31 общей площадью 521 кв.м. Начальная цена лота – 5 092 000 руб. Задаток – 254 000 руб. Шаг аукциона – 51 000 руб.

**4. Имущество Засеевой Д.Э., расположенное по адресу: РСО-Алания,Пригородный район, Архонское шоссе, 2 км, СНТ «Хурзарин» сад № 1948.**

**Лот № 4** – земельный участок КН 15:08:0010702:237, категория земель – земли сельскохозяйственного назначения, вид разрешенного использования – для ведения садоводства, общей площадью 491 кв.м. Начальная цена лота – 1 147 200 руб. Задаток – 57 000 руб. Шаг аукциона – 12 000 руб.

**5. Имущество Рубаева Г.Р., расположенное по адресу: РСО-Алания, г.Владикавказ, пгт.Заводской, ул.Кооперативная, 51.**

**Лот № 5** – жилой дом КН 15:09:0011934:58, общей площадью 312,5кв.м., земельный участок КН 15:09:0012039: общей площадью 545 кв.м. Начальная цена лота – 8 051 200 руб. Задаток – 402 000 руб. Шаг аукциона – 81 000 руб.

**6. Имущество Хугаева Т.М., расположенное по адресу: РСО-Алания, г.Владикавказ, ул.Кырджалийская, 17, пом.23-26, 28, 28а, 29,30.**

**Лот № 6** – нежилое помещение КН 15:09:0031604:1565, общей площадью 105,8кв.м. Начальная цена лота – 5 000 000 руб. Задаток – 250 0000 руб. Шаг аукциона – 50 000 руб.

**7. Имущество Абаевой О.П., расположенное по адресу: РСО-Алания, г.Владикавказ, ул. Зураба Магкаева, 83а, кв. 33.**

**Лот № 7** – жилое помещение КН 15:09:0021001:2234, общей площадью 47,7кв.м. Начальная цена лота – 3 516 000 руб. Задаток – 175 000 руб. Шаг аукциона – 36 000 руб.

**8. Имущество Кесаевой Р.Э., расположенное по адресу: РСО-Алания, Алагирский район, с.Дзуарикау, ул.Бритаева,18.**

**Лот № 8** – земельный участок КН 15:07:0240216:31 категория земель – земли населенных пунктов, вид разрешенного использования – для ведения личного подсобного хозяйства, общей площадью 2000 кв.м. Начальная цена лота – 1 259 360 руб. Задаток – 62 000 руб. Шаг аукциона – 13 000 руб.

**Аукцион состоится 19 июня 2026 г. в 10.00 час. по московскому времени. Заявки принимаются с 2 июня 2026 г. по 17 июня 2026 г.**

К участию в аукционе допускаются юридические и физические лица, представившие в оговоренный в информационном сообщении срок, оформленные надлежащим образом документы. Заявки подаются заявителем по форме, утверждаемой продавцом (форма заявки размещена на сайтах: Росимущества в сети «Интернет» www.rosim.ru, официальном сайте Российской Федерации в сети «Интернет» www.torgi.gov.ru, на сайте электронной площадки). В состав заявки входят следующие документы: платежный документ с отметкой банка об исполнении, подтверждающий внесение заявителем задатка в счет обеспечения оплаты приобретения имущества (задаток вносится на счет электронной площадки), заявка, образец размещен на сайтах www.rosim.ru, www.torgi.gov.ru, описки, исправления, помарки, зачеркнутые слова не допускаются; доверенность на лицо, имеющее право действовать от имени заявителя, если заявка подается представителем заявителя, оформленная в установленном порядке, или нотариально заверенная копия такой доверенности (в случае, если доверенность на осуществление действий от имени заявителя подписана лицом, уполномоченным руководителем юридического лица, заявка должна содержать также документ, подтверждающий полномочия этого лица), согласие на обработку персональных данных. Для юридических лиц: полученная не ранее чем за шесть месяцев до даты размещения на официальном сайте торгов извещения о проведении аукциона выписка из единого государственного реестра юридических лиц или нотариально заверенная копия такой выписки; заверенные копии учредительных документов заявителя; письменное решение соответствующего органа управления заявителя, разрешающее приобретение имущества, если это необходимо в соответствии учредительными документами; документ, подтверждающий полномочия лица на осуществление действий от имени заявителя; декларация о соответствии требованиям п. 5 ст. 449.1 ГК РФ (в письменном виде, в свободной форме), согласие на обработку персональных данных. Для индивидуальных предпринимателей: полученная не ранее чем за шесть месяцев до даты размещения на официальном сайте торгов извещения о проведении аукциона выписка из единого государственного реестра индивидуальных предпринимателей; копия паспорта заявителя (все листы); нотариально заверенная доверенность на лицо, уполномоченное действовать от имени заявителя в случае подачи заявки представителем заявителя; декларация о соответствии требованиям п. 5 ст. 449.1 ГК РФ (в письменном виде, в свободной форме), согласие на обработку персональных данных. Для физических лиц: копия паспорта заявителя (все листы); нотариально заверенная доверенность представителя физического лица в случае подачи заявки представителем заявителя; декларация о соответствии требованиям п. 5 ст. 449.1 ГК РФ (в письменном виде, в свободной форме), согласие на обработку персональных данных. Для иностранных граждан и иностранных юридических лиц: заявка на участие в торгах по установленной форме; надлежащим образом заверенный перевод на русский язык документов о государственной регистрации юридического лица или физического лица в качестве индивидуального предпринимателя в соответствии с законодательством соответствующего государства и документов, удостоверяющих личность физического лица; нотариально заверенная доверенность представителя физического лица в случае подачи заявки представителем заявителя; декларация о соответствии требованиям п. 5 ст. 449.1 ГК РФ (в письменном виде, в свободной форме), согласие на обработку персональных данных. Иностранные физические и юридические лица допускаются к участию в торгах с соблюдением законодательства Российской Федерации. Одно лицо имеет право подать только одну заявку. Заявка представляет собой полный комплект документов, представляемых заявителем для участия в аукционе. Заявка и все документы, связанные с этой заявкой, должны составляться на русском языке. Заявитель направляет заявку с приложенными документами в установленный срок в форме скан-образов документов через электронную площадку. Документы, подаваемые юридическим лицом, направляются в виде скан-образов документов, подписанных уполномоченным лицом и печатью организации. Подача заявки осуществляется через электронную площадку в соответствии с регламентом электронной торговой площадки, размещенным на сайте электронной площадки. Участие в торгах производится в соответствии с тарифами, установленными нормативными документами электронной площадки. Декларация о соответствии претендента требованиям п. 5 ст. 449.1 ГК РФ изготавливается в простой письменной форме, из содержания должно следовать заявление о соответствии претендента требованиям указанной нормы. Претендент не допускается к участию в аукционе, если: — претендент не может быть покупателем в соответствии с законодательством Российской Федерации; — представленные документы оформлены с нарушением требований законодательства Российской Федерации и порядка, установленного в настоящем информационном сообщении; — не подтверждено поступление в установленный срок задатка; - в иных случаях, установленных действующим законодательством. Победителем аукциона признается участник, предложивший наиболее высокую цену за продаваемое имущество. Протокол о результатах торгов, имеющий силу договора, подписывается с победителем торгов не ранее чем через 10 (десять) дней со дня их проведения. Оплата приобретаемого имущества производится в течение 5 (пяти) рабочих дней с даты подписания протокола о результатах торгов. При отказе от подписания протокола о результатах торгов и невнесении денежных средств в счет оплаты приобретенного имущества, задаток победителю торгов не возвращается. Право собственности на имущество переходит к покупателю в порядке, установленном законодательством Российской Федерации. Право собственности на приобретенное имущество оформляется покупателем самостоятельно и за собственный счет. Торги, в которых принял участие только один участник, признаются несостоявшимися. Организатор торгов оставляет за собой право снять выставленное имущество с торгов по указанию судебного пристава-исполнителя. Денежные средства, внесенные в качестве задатка на участие в аукционе победителем торгов, зачитываются в качестве оплаты покупной цены имущества. При не перечислении покупателем покупной цены в срок, он считается уклонившимся от заключения договора. В случае уклонения победителя аукциона от заключения договора задаток не возвращается. Если торги не состоялись или отменены, задатки подлежат возврату заявителям. Задаток возвращается также лицам, которые участвовали в торгах, но не выиграли их. Возврат задатка осуществляет оператор электронной площадки в течение 5 (пяти) рабочих дней со дня подписания Протокола о результатах торгов. Все вопросы, касающиеся проведения аукциона, но не нашедшие отражения в настоящем информационном сообщении, регулируются в соответствии с законодательством Российской Федерации. Получить дополнительную информацию о торгах и о правилах их проведения, ознакомиться с формой заявления, с проектом договора купли-продажи можно на официальном сайте http://www.torgi.gov.ru, и на сайте Росимущества в сети «Интернет»www.rosim.ru. Ознакомление с документами на имущество, имеющимися в наличии у организатора торгов осуществляется путем направления запроса на электронную почту по адресу: tu15@rosim.gov.ru, alina.burnatseva@rosim.gov.**ru. Заявителю в запросе необходимо указать: ФИО, контактный телефон, адрес электронной почты. Ответ на запрос будет направлен на адрес электронной почты, указанный в запросе.**



**ПАДДЗАХАДОН ИСБОНЫ УЫНАФФÆЙАДЫ ФЕДЕРАЛОН АГЕНТАДЫ ЦÆГАТИРЫСТОЙНАГ ТЕРРИТОРИОН УПРАВЛЕНИ (ДАРДДÆР — БАЗАРАДÆН ФАДÆТТÆ АРАЗÆГ) ХЪУСЫН КÆНЫ:**
**Тæрхонадон пъырыстыфты федералон службæйы цæгатирыстойнаг управлени кæй æрцахста, дæлдæр амынд хæсдарджытæм хауæг уыцы исбон ауæй кæныны фæдыл базарад баххæст кæныны тыххæй хабар:**

**1. М.В. Тигишвилийы исбон, адрис: РЦИ-Алани, Дзæуджыхъæу, Цоколайыфырты уынг, 32, бæстыхай 1, фатер 78.**

**Лот №1** – цæрæнуат, КН 15:09:0040401:2629, иумæйаг фæзуат – 37 кв.м. Лоты райдиан аргъ – 2919832,8 сомы. Цъынды – 145000 сомы. Аукционы къæпхæн – 30000 сомы.

**2. О.В. Болоташвилийы исбон, адрис: РЦИ-Алани, Горæтгæрон район, Æрхонкæйы станицæ, Григоряны уынг, 82а.**

**Лот №2** – цæрæн хæдзар, КН 15:08:0902113:35, иумæйаг фæзуат – 39,1 кв.м., зæххы хай, КН 15:08:0902113:39, иумæйаг фæзуат – 264 кв.м. Лоты райдиан аргъ – 1714500 сомы. Цъынды – 85000 сомы. Аукционы къæпхæн - 18000 сомы.

**3. Беджызаты Ч.А. исбон, адрис: РЦИ-Алани, Горæтгæрон район, Æрхонкæйы станицæ, Григоряны уынг, 82.**

**Лот №3** – цæрæн хæдзар, КН 15:08:0902113:36, иумæйаг фæзуат – 121,9 кв.м., зæххы хай, КН 15:08:0902113:31, иумæйаг фæзуат - 521 кв.м. Лоты райдиан аргъ – 5092000 сомы. Цъынды – 254000 сомы. Аукционы къæпхæн – 51000 сомы.

**4. Зассеты Д.Э. исбон, адрис: РЦИ-Алани, Горæтгæрон район, Æрхонкæйы соса, 2-æм километр, дыргъдон цæхæрадæтты æнæкоммерцион æмбалад «Хурзæрин», цæхæрадон №1948.**

**Лот №4** – зæххы хай, КН 15:08:0010702:237, зæххыты къорд – хъæуунхæдзарадон нысаниуæджы зæххытæ, бар кæмæн раттой, пайдакæнынады ахæм хуыз – дыргъдон дарынæн, иумæйаг фæзуат – 491 кв.м. Лоты райдиан аргъ – 1147200 сомы. Цъынды – 57000 сомы. Аукционы къæпхæн – 12000 сомы.

**5. Рубайты Г.Р. исбон, адрис: РЦИ-Алани, Дзæуджыхъæу, Заводы поселок, Кооперативон уынг, 51.**

**Лот №5** – цæрæн хæдзар, КН 15:09:0011934:58, иумæйаг фæзуат – 312,5 кв.м., зæххы хай, КН 15:09:0012039:18, иумæйаг фæзуат – 545 кв.м. Лоты райдиан аргъ – 8051200 сомы. Цъынды – 402000 сомы. Аукционы къæпхæн – 81000 сомы.

**6. Хуыгаты Т.М. исбон, адрис: РЦИ-Алани, Дзæуджыхъæу, Кырджалийаг уынг, 17, хатæнтæ 23-26, 28, 28а, 29, 30.**

**Лот №6** – æнæцæрæн бæстыхай, КН 15:09:0031604:1565, иумæйаг фæзуат – 105,8 кв.м. Лоты райдиан аргъ – 5000000 сомы. Цъынды – 250000 сомы. Аукционы къæпхæн – 50000 сомы.

**7. Абайты О.П. исбон, адрис: РЦИ-Алани, Дзæуджыхъæу, Магкаты Зурабы уынг, 83а, фатер 33.**

**Лот №7** – цæрæнуат, КН 15:09:0021001:2234, иумæйаг фæзуат – 47,7 кв.м. Лоты райдиан аргъ – 3516000 сомы. Цъынды – 175000 сомы. Аукционы къæпхæн – 36000 сомы.

**8. Хъесаты Р.Э. исбон, адрис: РЦИ-Алани, Алагиры район, Дзуарыхъæу, Брытъиайы-фырты уынг, 18.**

**Лот №8** – зæххы хай, КН 15:07:0240216:31, зæххыты къорд – цæрæн бынæтты зæххытæ, бар кæмæн радтой, пайдакæнынады ахæм хуыз – хи æххуысадон хæдзарад дарынæн, иумæйаг фæзуат – 2000 кв.м. Лоты райдиан аргъ – 1 259360 сомы. Цъынды – 62000 сомы. Аукционы къæпхæн – 13000 сомы.

**Аукцион ацæудзæн 2026 азы 19 июны Мæскуыйы рæстæгмæ гæсгæ 10.00 сахатыл. Курдиæттæ барвитæн ис 2026 азы 2 июнæй 17 июны онг.**

Информацион хъусынгæнинаджы амынд афон æмбæлгæ уагæй арæзт гæххæттытæ чи бавдиса, аукционы архайыны бар ис ахæм юридикон æмæ физикон иуæгтæм. Уæйгæнæг кæй сфидар кæна, курдиатæрвитæг курдиæттæ барвиты ахæм хуызмæ гæсгæ (курдиаты хуыз æвæрд ис сайтты: интернеты хызæджы «Уæрисбонад»-ы сайт www.rosim.ru, интернеты хызæджы Уæрæсейы Федерацийы официалон сайт www.torgi.gov.ru æмæ электронон фæзы сайты). Курдиатмæ хауынц ахæм гæххæттытæ: балхæнинаг исбоны аргъ бафидынæн фадæтты арæзтады хыгъдмæ курдиат барвитæг цъынды кæй бахаста, ууыл дзурæг æххæсткæнынады тыххæй банчы нысанимæ фиддонты гæххæтт (цъынды бахæссынц электронон фæзы хыгъдмæ); курдиат, йæ хуызæг æвæрд ис сайтты www.rosim.ru-йы æмæ www.torgi.gov.ru-йы, рæдыдтытæ, срастгæнинæгтæ æмæ хахгонд дзырдтæ дзы хъуамæ ма уа; курдиатæрвитæджы номæй архайыны бар кæмæ ис, ахæм адæймагыл æвууæнчы гæххæтт, курдиат кæд курдиатæрвитæджы минæвар барвыста, уæд, æмбæлгæ уагæй арæзт, науæд нотариусы мыхуыримæ амынд æвууæнчы гæххæтты халдих (юридикон иуæджы разамонæджы бæрнджын адæймаг йæ къух кæм сæвæрдта, курдиатæрвитæджы номæй архайыны фæдыл æвууæнчы ахæм гæххæтт кæд ис, уæд. (Ацы адæймаджы бартæ æцæг кæй сты, курдиаты хъуамæ уа ууыл дзурæг гæххæтт дæр) персоналон бæрæггæнæнтыл бакусыны тыххæй разыйы дзуапп. Юридикон иуæгтæн: исбон балхæныны бар чи дæтты, курдиатæрвитæджы уынаффæйады æмбæлгæ оргæны гæххæттыл фыст ахæм уынаффæ бындурæвæрæг гæххæттытæм гæсгæ, афтæ бакæнын кæд хъæуы, уæд; курдиатæрвитæджы номæй архайд æххæст кæныны фæдыл адæймаджы барты æнæхиндзинад æвдисæг гæххæтт; УФ-йы Граждайнаг кодексы 449.1 статьяйы 5 пункты домæнтæм гæсгæ, декларaци (гæххæттыл фыстæй, уæгъдибар уагæй), персоналон бæрæггæнæнтыл бакусыны тыххæй разыйы дзуапп. Индивидуалон амалиуæггæнджытæн: курдиатæрвитæджы паспорты халдих (æппæт сыфтæ); нотариусы мыхуыр кæм ис, курдиатæрвитæджы номæй архайыны бартимæ адæймаджы æвууæнчы ахæм гæххæтт, курдиатæрвитæджы минæвар курдиат кæд барвита, уæд; УФ-йы Граждайнаг кодексы 449.1 статьяйы 5 пункты домæнты аккагдзинады тыххæй декларaци (гæххæттыл фыстæй, уæгъдибар уагæй), персоналон бæрæггæнæнтыл бакусыны тыххæй разыйы дзуапп. Физикон иуæгтæн: курдиатæрвитæджы паспорты халдих (æппæт сыфтæ); нотариусы мыхуыр кæм ис, физикон иуæджы минæвары æвууæнчы, ахæм гæххæтт, курдиатæрвитæджы минæвар курдиат кæд барвыста, уæд; УФ-йы Граждайнаг кодексы 449.1 статьяйы 5 пункты домæнты аккагдзинады тыххæй декларaци (гæххæттыл фыстæй уæгъдибар уагæй), персоналон бæрæггæнæнтыл бакусыны тыххæй разыйы дзуапп. Фæсарæйнаг адæймæгтæ æмæ фæсарæйнаг юридикон иуæгтæн: фидаргонд хуызæгмæ гæсгæ базарады архайды фæдыл курдиат; æмбæлгæ уагæй мыхуыр æвæрд кæуыл ис, иу кæнæ иннæ паддзахады закъонæвæрынадмæ гæсгæ индивидуалон амалиуæггæнæджы хуызы юридикон кæнæ физикон иуæджы паддзахадон регистрацийы тыххæй æмæ физикон иуæджы æцæгдзинад æвдисæг гæххæттыты уырыссаг æвзагмæ ахæм тæлмац; нотариусы мыхуыр кæуыл ис, физикон иуæджы минæвары æвууæнчы ахæм гæххæтт, курдиатæрвитæджы минæвар курдиат кæд барвыста, уæд; УФ-йы Граждайнаг кодексы 449.1 статьяйы 5 пункты домæнты аккагдзинады тыххæй декларaци (гæххæттыл фыстæй уæгъдибар уагæй), персоналон бæрæггæнæнтыл бакусыны тыххæй разыйы дзуапп. Фæсарæйнаг физикон æмæ юридикон иуæгтæн базарады архайыны бар раттынц Уæрæсейы Федерацийы закъонæвæрынад æххæст кæныны æвууæлимæ. Иу адæймагмæ ис æрмæст иу курдиат барвитыны бар. Курдиатæрвитæг аукционы архайынæн кæй барвиты, ахæм гæххæттыты æххæст комплект нымад у курдиатыл. Курдиат æмæ ацы курдиатимæ баст æппæт гæххæттытæ фыссын æмбæлы уырыссагау. Курдиатæрвитæг бафтауинаг гæххæттытимæ курдиат фидаргонд афон гæххæттыты сканхуызæгты уагæй барвиты электронон фæзы фæрцы. Юридикон иуæг кæй балæвæрдта, уыцы гæххæттытæ æрвыст цæуынц гæххæттыты скан-хуызты уагæй (ацы гæххæттытыл бæрнджын адæймаг йæ къух сæвæры æмæ сыл вæййы кусæндоны мыхуыр). Курдиат барвитынц электронон фæзы сайты æвæрд электронон базарадон фæзы фæткмæ гæсгæ электронон фæзы фæрцы. Базарады архайынц электронон фæзы нормативон гæххæттыты фидаргонд æргътæм гæсгæ. Электронон фæзы нормативон гæххæттытæ кæй сфидар кодтой, базарадон архайд æххæст кæнынц ахæм æргътæм гæсгæ. Претендент УФ-йы Граждайнаг кодексы 449.1 статьяйы 5 пункты домæнты аккаг кæй у, уый тыххæй декларaци хуымæтæджы уагæй фыссынц гæххæттыл (претендент амынд нормæйы домæнты аккаг у, зæгъгæ, мидис хъуамæ афтæ амона).

Уæрæсейы Федерацийы закъонæвæрынадмæ гæсгæ, претендентмæ æлхæнæг уæвыны бар нæй: Уæрæсейы Федерацийы закъонæвæрынад æмæ ацы информацион хъусынгæнинаг кæй амонынц, æвдыст гæххæттытæ уыцы домæнтæ æмæ фæтк кæд халынц, цъындыйы тыххæй бадзырды амынд хыгъдмæ цъынды афоныл кæд нæ бафтыд, уæд, стæй архайæг закъонæвæрынады амынд æндæр уавæрты аукционы архайынмæ претенденты нæ бауадзынц.

Уæйгæнинаг исбоны тыххæй æппæтæй стырдæр аргъ чи бавдиса, уыцы архайæджы нымайынц аукционы уæлахиздзауыл. Бадзырды тых кæмæ ис, базарады уæлахиздзауимæ ахæм суагъæйы къухтæ æрæвæрынц базарад баххæст кæныны бонæй æппынкъаддæр дæс боны фæстæ. Æлхæнинаг исбоны аргъ бафидынц базарады бæрæггæнæнты тыххæй суагъæйы къухтæ æрæвæрыны бонæй фондз кусгæ боны дæргъы. Бадзырды тых кæмæ ис, аукцион аразыны бон базарады уæлахиздзауимæ сфидар кæнынц базарады бæрæггæнæнты тыххæй ахæм суагъæ. Базарады уæлахиздзау йæ къух базарады бæрæггæнæнты тыххæй суагъæйы æрæвæрынил кæд не сразы уа, æмæ æлхæд исбоны аргъ бафидыны хыгъдмæ æхца фыст кæд не 'рцæуой, уæд базарады уæлахиздзауæн цъынды фæстæмæ нал раттынц. Исбонады бар æлхæнæгмæ раивы Уæрæсейы Федерацийы закъонæвæрынады фæткмæ гæсгæ. Æлхæнæг æлхæд исбоны фæдыл исбонады барæн гæххæттытæ саразы хæдбарæй хи фæрæзты хардзæй. Æрмæст иунæг архайæг кæм архайдта, ахæм базарад нымад у æнæзакъоныл.

Тæрхонадон пъырыстыф-æххæстгæнæджы бардзырдмæ гæсгæ, базарадæн фадæттæ саразæгмæ ис æвæрд исбон базарадæй сисыны бар.

Базарады уæлахиздзау аукционы архайды фæдыл цъындыйы хуызы кæй бахаста, уыцы æхцайы фæрæзтæ нымад æрцæуынц исбоны балхæнинаг аргъы бафыстыл. Æлхæнинаг аргъ афоныл чи нæ бафида, уыцы æлхæнæг нымад æрцæуы бадзырд сфидар кæнынæй хи фæтылифгæнæгыл. Аукционы уæлахиздзау бадзырд сфидар кæнынæй йæхи кæд фæтылиф кæна, уæд ын цъынды фæстæмæ нæ раттынц. Базарад æххæстгонд кæд не 'рцыд, науæд æй кæд аивтой, уæд цъындытæ курдиатæрвитджытæн фæстæмæ раттын æмбæлы. Базарады чи архайдта, фæлæ дзы чи нæ фæуæлахиз, цъындытæ уыцы адæймæгтæн дæр фæстæмæ раттынц. Цъынды фæстæмæ ратты электронон фæзы оператор базарады бæрæггæнæнты тыххæй суагъæйы къух æрæвæрыны бонæй фондз кусгæ боны дæргъы.

Аукцион саразынмæ бар чи дары, фæлæ, ацы информацион хъусынгæнинаг кæй нæ амоны, æппæт уыцы фæрстытæ лыггонд цæуынц Уæрæсейы Федерацийы закъонæвæрынадмæ гæсгæ. Адæймагмæ ис интернеты хызæджы официалон сайт https://www.torgi.gov.ru-йы æмæ «Уæрисбонад»-ы сайт www.rosim.ru-йы фæрцы базарад æххæст кæныны тыххæй уæлæмхасæн хабæрттæ базоныны, стæй курдиаты хуызæгимæ æмæ балхæд-уæйкæнынады бадзырды проектимæ базонгæ уæвыны бар. Адристæ tu15@rosim.gov.ru, alina.burnatseva@rosim.ru-йы электронон постмæ фарст барвитыны фæрцы адæймагæн ис базарадæн фадæттæ саразæгмæ уæвæг исбоны гæххæттытимæ базонгæ уæвыны фадат. Фарст барвитæджы хæс у мыггаг, ном, фыды ном, контактон телефон æмæ электронон посты адрис фарсты бацамонын. Фарсты кæй амонынц, фарстæн дзуапп барвитдзысты электронон посты ахæм адрисмæ гæсгæ.



Номыры радхæссæг редактор — **Дедегкаты Зæлинæ.**
Дизайн: 1-аг фарсæн – **Халиты Изæ;**
2-аг фарсæн – **Рубайты Нелли;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Гуыцмæзты Зæринæ.**
Корректортæ: 1-аг фарсæн — **Гаглойты Наташæ;**
2-аг фарсæн — **Кæлухты Фатимæ;**
3-аг фарсæн — **Рæмонты Алинæ;**
4-æм фарсæн — **Дзоцъиты Тамарæ.**

**"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты**

**Газет уадзы РЦИ-Аланийы Мыхуыр æмæ дзыллон коммуникациты комитет.**

**Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникациты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2023 азы 10 октябры (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00162)**

**Сæйраг редактор ФИДАРАТЫ Юрий**

**Сæйраг редакторы исæн уат – 25-96-27.**

Сæйраг редакторы хæдивæг: **Бутаты Эльзæ – 25-63-19.** Бæрнон нымæрдар: **Гапбаты Алетæ – 25-91-89.** Сæрмагонд фæрсты редактор: **Сланты Аслан – 25-94-37.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз – 25-93-74, Абайты Эдуард – 25-99-33.** Рауагъды редактор: **Гæззаты Фатимæ – 25-96-16.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ – 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Саутæты Тамилæ, Татьянæ Шеходанова** (къамисæг) – **25-96-31, Баскаты Уырызмæг – 25-91-88, Гугкаты Жаннæ – 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ – 25-94-57, Хъойбайты Галинæ – 25-90-54, Хæмыцаты Морис – 25-91-92, Хуыбиаты Ларисæ – 25-96-31.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ – 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ – 25-67-03.** Корректортæ – **25-93-36,** компьютерон цех – **25-93-97.**

➢ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ, æнæмæнг, бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
➢ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не 'рвитæм.
➢ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрндзинад хæссынц сæ автортæ.
➢ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрндзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис: 362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11. Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр 1.88 мыхуырон сыфы. Газет цæуы къуыри фондз хатты. Индекс 53901. Тираж 2778. Заказ № 571. Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа – 18.00. Мыхуырмæ фыст æрцыд – 18.00.

**Email: rastdzinad@mail.ru**
**Сайт: www.rastdzinad.ru**